

# Yon Prensip Lidèchip Enspirasyon



*“Desepsyon fè nou souffri, men lè alafen rèv nou reyalize, gen lavi ak rejwisans.” Pwovèb 13:12*

By John E. Schrock

*Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.*

Laperèz se yon motivatè. Youn ki enpòtan, men yo itilize l plis pou etabli lòd ak paramèt. Si nou kontwole moun ak laperèz sèlman, nou se move lidè. Bon lidè konprann enpòtans règ ki fè moun pè men yo konprann tou “lwa pwovoke lakòlè ». lòm pa kapab viv ak lwa sèlman---yon jou li va revòlte. Pou nou kapab devlope yon fanmi, yon biznis oswa yon sosyete ki dirab epi ki gen siksè, nou dwe genyen yon sistèm ki bay chak moun (1) rèv pèsònèl (2) opòtinite ak (3) lespwa.

Si nou pa genyen rèv epi nou pa wè opòtinite, nou pèdi lespwa. Epi lè nou pèdi lespwa nou fache ep nou santi nou manke yon bagay, sa ki kapab tounen dekourajman epi lakòz kèk moun swiside tèt yo. Depi genyen lespwa nou kapab, e majorite nan noumen va kontinye viv. Lespwa sòti nan wè posibilite e posibilite sòti nan lespri aktif epi kreyatif.

Bondye te kreye nou nan imaj li pou nou te genyen lide epi pou nou te kreyatif, kalkile epi analize sitiyasyon. Lè lidè yo ap eseye toufe kreyativite sa a, yon jou moun va analize enjistis sa a epi yo va sòti anba kontwol li. Nou pa kapab toufe endividalite moun sanrete. Kominis se te yon bon egzanp : sistèm la te bati sou genbe toutmoun egal epi posede toutbagay ankomen. Lide yo se te, “bay you moun manje, rad ak kay, epi li va kontan.” Sa sonnen tankou yon filozofi, men

sa pa mache paske nou p at fèt menm jan. Yo te kreye nou egal men sa nou devni va diferan paske chak moun kapab fè pwòp chwa pa yo. Nou genyen talan, tanperaman ak lide kreyatif ki diferan. Sa vle di kèk nan noumenm va pouswiv plis pase lòt, donk yo va genyen diferan nivo konpreyansyon ak opòtinite.

Pou nou ankouraje enspirasyon, nou dwe kreye yon anvironnman kote lespri n kapab travay ak tout libète nan mitan yon ansanm paramèt. Paramèt yo va tounen yon kad oswa yon gid pou kreyativite.

Motive vle di estimile sèvo ak lespri yon moun. Se sa nou rele motive lè n ap dirije lespri fi ak gason. Sa reyalize lè nou prezante yo rèv ak posibilite sa ki va enspire yo pou yo pouswiv lavni yo. Yo va motive andedan kè yo, olye se lwa eksteryè ki va kontwole yo. Yo dirije yo, yo pa fòse yo. Sa tounen yon bi oswa yon motif (yon rezon) pou yo viv. Si nou bay moun ankourajman ak rèv nan kad objektif ak anbisyon pèsònèl yo, noutouledè va benefisyè.

Entansyon pou nou enspire lèt moun va toujou pou yon sitiyasyon kote tout moun va genyen. Otreman li pa t a jis epi li va viren kont nou tankoiu yon boumtrang.

Tout bon lidè va itilize ankourajman epi plante rèv pou motive 10 a 1, olye laperèz. Yo konnen laperèz va fè pati lidèchip, men sèlman andènye. Bon lidè va konsantre yo sou ankourajman plante rèv, sa ki va kreye yon gwo fòs nan mitan anplwaye yo, yon fason pou yo vin motive poukont yo. Yo va bezwen mwens direksyon paske yo va travay kòm si se te pou pwòptèt yo.

*Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:*

**Fondasyon pou Siksè.**

## Panse pou medite:

Chak jou nan lavi nou se tankou n ap fè depo nan bank memwa moun nou rankontre, sa vin tounen repitasyon nou.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete